

Ivyizerwa Nshimikiro

Incamake y'Ivyizerwa vy'
Ikoraniro rya Yahweh muri
Yahshua

Intangamarara

Izi nyandiko muzishikirijwe na Beneso muri MASHIACH nk'incamake y'Ivyizerwa nshimikiro vyahawe Abera rimwe gusa (Yuda1:3).Tubasavye mugerageze iyi ncamake y'ibi vyizerwa nshimikiro vyacu kandi mugerageze vyose, mugumye ivyiza, 1Tesalonike 5: 21.Dushikirije neza iyi ncamanke y'Ivyizerwa vyacu nk'Ishimikiro y'Ukwizera kwacu twese dutegerezwa kwisunga.

Twemeje ibi bikurikira ko ari Ukuri twisunze Ijambo ryahumetswe na YAHWEH:

1.Bibiliya

Bibiliya ni Igitabo cahumetswe na Yahweh kandi gihishura Ukumenya Umuntu adashobora kwiyigisha.Dutegerezwa kubeshwaho n'ijambo ryose riva mu kanwa ka YAHWEH (Matayo 4 : 4). « *Ivyanditswe vyose (Isezerano rya Kera hamwe na Risha) vyahumetswe na YAHWEH, kandi bifise Ikimazi co kwigisha, no guhana, no gutunganya no gutoza Indero nziza mu Kugororoka* » (2Timoteyo 3: 16). Bibiliya ni Ukuri kwa YAHWEH kandi ntishobora gusobanurwa nk'uko Umuntu avyishakiye (2 petero 1: 21).Ntidushobora kwongerako canke gukurako ikintu nakimwe ku vyanditswe Vyera ,Gusubira mu vyagezwe 4: 2; 12: 32; Ivyahishuriwe 22:18.

2. Data

Data niwe wenyene musa yatunganije Iremwa, ryashizwe mu ngiro n'Umwana wiwe mu ntango yaryo (Imigani 8 : 22,31 ; Ivyahishuriwe 3 : 14 ; Ab'i Korosayi 1 :15-17).Izina rya Data wo mw'ijuru nk'uko ryatanzwe mu vyanditswe vyera vy'intango ni YAHWEH (Zaburi 68 : 4 ; Yesaya 42 : 8 ; Yeremiya 16 : 21) kandi YAHWEH niryo zina ryiwe ibihe bidashira (Kuvayo 3 : 14-15 ; Yesaya 63 : 12 ; 66 : 5).Niwe Soko w'Ububasha n'Ubukuru bwose ;kandi Amashimwe n'Icubahiro cinshi cane bitumberezwa kuri we (Matayo 4 :10 ; 6 : 9 ; Ab'i Korosayi 1 : 12 Yakobo 1 : 17 ; 1Petero 2 : 5).YAHWEH ni Impwemu (Yohana 4 : 24) kandi Amasengesho atumberezwa kuri We biciye ku Mwana wiwe YAHSUA HAMASHIACH (Yohana 14 : 6 ; Efeso 5 : 20).

3. Umwana

YAHSUA niryo Zina ry'Ukuri ry'Umukiza.Ni impfunyapfunyo ya « YAHWEH » na « HOSHUA » babiteranije, niryo Zina Mose yahaye Yosua, Umuhungu wa Nuni (Guharura 13 : 16). YAHSUA risigura « YAHWEH niwe Gakiza » kuko niwe Gakiza YAHWEH yahaye Abantu (Ivyakozwe 4 : 12).Turemera n'Umunezero

Amazina twahishuriwe na Data Mwiza ari Mw'Ijuru n'Umwana wiwe w'Igitangaza, Umukiza wacu YAHSUA MASHIACH. YAHSUA ni Umuvugizi; ni Jambo (Logos mu Kigiriki ; DABAR mu Giheburayo) yamyeho kandi yari kumwe na YAHWEH SE WIWE (Itanguriro 1 :26 ; Yohana 1 : 1-3 ; 8 : 58 ; 13 : 3 ; 1Korinto 10 : 4 ; Ab'i korosayi 1 : 15-17).Yiyambuye Iclubahiro ciwe co mw'ijuru , yiyambika Ubusa ; yabira Ishusho y'Umuntu w'Umugurano (Yohana 17 : 5 ; Ab'i Filipi 2 :5-7 ; Abaheburayo 2 : 6-14).Yavyawe n'Inkumi ku Bushobozi bwa YAHWEH (Yesaya 7 : 14 ; 9 : 6 ; matayo 1 : 18 , 23 ; Luka 1 : 26-38) , yaje mw'Izina rya Se : YAH-shua (Yohana 5 : 43).Yabayeho Ubuzima buzira Icaha (Yesaya 53 : 9 ; 1Petero 2 : 22) hanyuma azurwa mu Bapfuye na Se inyuma y'Imisi itatu n'amajoro atatu nk'Uko Ivyanditswe vyera bivyerekana (Matayo 12 : 40 ,Ivyakozwe 3 : 15 ; 1Ab'i korinto 15 : 3-4).None Ubu ari mw'Ijuru , yicaye i Buryo bwa YAHWEH Data wa Twese (Luka 24 : 51 ; Abaheburayo 1 : 13).Niwe atuvugira kuri Data ; niwe Muhuza wa twebwe na Data akongera akaba n'Umuherezi Mukuru (Abaheburayo 3 : 1 ; 4 : 14).Niwe wenyene musa ducako kugira twegere Data wa Twese ari mw'Ijuru (Yohana 14 : 6).

4.Mpwemu Yera

Mpwemu Yera (Mu giheburayo ni RUACH)ni Ubushobozi butaboneka ;ni Impwemu , ni Ububasha buva kuri Data babusangiye n'Umwana (Luka 24 : 49 ; Yohana 3 : 8 ; 14 : 17 ; 15 :26 , 1Ab'i korinto 2 : 10-16).Ubwo Bushobozi butaboneka bushirwa mu Wizera n'Umwana (Ivyakozwe 2 : 33 , Tito 3 : 6) biciye mu Kurambikwako Ibiganza n'Umukurambere (Umu Elder)inyuma yo kubatizwa mw'Izina rya YAHSUA (Ivyakozwe 2 : 38 , 5 : 32 , 8 : 17 ; 19 : 6 ; 1Timoteyo 4 : 14 ; 2Timoteyo 1 : 6) kandi ni Umubatizo wa Mpwemu kuko utwinjiza mu Mubiri wa MASHIACH (Abaroma 8 : 15-17 ; 1Ab'i Korinto 12 : 13 ; n'Ab'i Galatiya 3 : 28).kubw'Ubushobozi bwa Mpwemu Yera buri muri twebwe , turagaragaza Urukundo dufitiye YAHSUA na DATA mu kwitondera n'Umunezero Amabwirizwa (Yohana 14 : 15 ; 14 : 21-24 ; Ivyakozwe 1 : 8 ; 1Yohana 2 : 5).Mpwemu Yera agereranywa n'Umuyaga (Yohana 3 : 8 ; Ivyakozwe 10 : 45) ; ni Ubushobozi butaboneka si Umuntu. Mugabo turemeza yuko inyigisho y'Ubutatu bwerenda ko tutayisanga muri Bibiliya, iva mu Bapagani.

5. Umubatizo

Inyuma y'Ukwihana kw'Ukuri, Umubatizo wo kwibiza mu Mazi menshi mw'Izina rikiza rya YAHSUA ni Igikorwa nkenerwa co kumwiyegurira wese (Matayo 3 : 13-17 ; Ivyakozwe 2 : 38 ; 4 : 12 ; 8 : 16 ; 10 : 43 ; 19 : 5 ; Abaroma 6 : 3) ;kandi nta rindi zina Agakiza kabonerwamwo atari Izina rya YAHSUA (Ivyakozwe 4 : 12) ; Ugereranya ukwemera guhamba kameremere kacu ku mubiri (Abaroma 6 : 3-5 ; Ab'i Kolosayi 2 : 12) kandi intango y'Igikorwa mu Bugingo busha kubwa MpwemuYera (Abaroma 7 : 6 ; 12 : 1 ; 1Petero 3 : 21).Nta Mubatizo wundi w'Ukuri ubaho atari uwo mw'Izina rya YAHSUA , utwinjiza mu mubiri Umwe (Abaroma 12 : 5 ; Efeso 4 : 3-6) kandi uhuzwa abanywanyi benshi b'Umubiri kubwa Mpwemu mu Kwizera kumwe kw'ukuri biciye kuri YAHSUA (1Ab'i Korinto 12 : 12-14).

6. Amabwirizwa

Umugambi uhambaye w'Agakiza wa YAHWEH ku Bantu ubaho biciye ku Mwana Wiwe YAHSUA HAMASHIACH kandi uhishurwa no kwitondera Amasabato n'Imisi mikuru (Abalewi igice 23 ; Guharura igice ca 28 na 29).Amashikanwa y'ibimazi n'amategeko y'imigenzo vyahora bikorwa mu makoraniro yo ku Rusengeru ntibikiriho kuko vyaranguwe na YAHSUA , Umwagazi wa YAHWEH (Yohana 1 : 29 ; Aaheburayo igice 8 gushika ku gice 10).Ubu Ibimazi dusabwa ni ivy'Impwemu (Abaroma 12 : 1 ; Aaheburayo 13 : 15-16 ; 1Petero 2 : 5).Ukugenyerwa kwabaye igihe cose Ukwubaha kugushaka kuva mu Mutima (Gusubira mu Vyagezwe 10 : 16 ; 30 : 6-8 ; Yeremiya 4 : 4 ; 1Ab'i Korinto 7 : 19 ; Ab'i Galatiya 5 : 6 ; Ab'i Filipi 3 : 3).

Ubu birashoboka kubwa Mpwemu Yera aba muri twebwe ko twitondera Amabwirizwa kubwo kumwizera (Gusubira mu Vyagezwe 7 : 9 ; Zaburi 119 : 160 ; Matayo 5 : 17-19 ; 19 : 16-19 ; Efeso 2 : 8-10 ; 1Yohana 1 : 1-5 ; 1Yohana 3 : 21-24)

7. Isabato

Umusi ugira Indwi w'Iyinga (witwa Samedi) ni Umusi YAHWEH yishiriyeho, kandi ni Umusi utwibutsa Ubushobozi bwiwe bw'Irema nka Mushoboravyose (Itanguriro 2 : 2-3).Isabato ni Umusi wera w'Ikiruhuko (Kuvayo 20 : 8-11) kandi werekeza Ubwenge bwacu ku Kiruhuko gihebuje kinini c'Imyaka Igihumbi (Matayo 11 : 28-30 ; Luka 4 : 16-18 ;Aaheburayo 4 : 1-6).YAHWEH yatanze Isabato ku Bantu kugira ibe akaryo ko kwemera no kumenya Iremwa ritangaje no gucungurwa (Mariko 2 : 27-28 ; Aaheburayo 4 : 7-11).Iyo tuziririje Isabato , tuba twerekanye ko twizera YAHSUA nk'Umuremyi kandi nk'Uwatanguye akongera agasozera Umugambi w'Agakiza (Aaheburayo 12 : 2).Ikiruhuko c'Isabato ni ikimenyetso c'Urukundo ; n'Ukugororoka n'Ukwemera dufitiye YAHWEH ; no kwemera Uburongozi bwiwe (Kuvayo 31 : 13).Iyo dufashe Igice c'Imyanya yacu cagenewe Ikiruhuko n'Ikoraniro , tuba tugaragaje yuko twemera Ubugombe bwa YAHWEH , kandi ko twemera ko aganza Ubugingo bwacu eka n'Ubw'Ibiremwa vyose.Ikiruhuko c'Isabato kigenewe Abantu biwe (Aaheburayo 4 : 9) ; ni Umusi w'Umunezero si Umusi w'Ibikorwa (Yesaya 58 : 13).

8. Pasika

Ukwibuka Ikimazi c'agaciro ca YAHSUA HAMASHIACH twubahiriza buri Mwaka ku Mugoroba (Utangurira) w'Umusi wa 14 wa Abibu mu mpera z'Umusi wa 13, twisunze Pasika y'ubwambere yatanguriye muri Egiputa Igihe Umumarayika Yamanuka mw'Ijoro ry'Umusi wa 14 (Kuvayo 12 : 13-14 , Abalewi 23 : 5).Iyo duhimbaje Pasika twicishije bugufi , tuba dushinze Intahe ko twemeye Amaraso Umucunguzi wacu mwiza yaseshe kubera ibicumuro vyacu (Guharura 28 : 15-20 ; 1Ab'i Korinto 11 : 23-29).Ibimenyetso dukoresha ni ivyashinzwe na YAHSUA : kurya umutsima utambiwe , bigereranya Umubiri wiwe (kuvayo 23 :18 ; 1Korinto 10 : 16) ;hamwe no kunywa Icamwa c'umuzabibu, Umutobe w'Umuzabibu ni ikimenyetso c'amaraso yiwe yaseshe (Gusubira mu Vyagezwe 32 :14 ; Yesaya 65 : 8-9 ; Matayo 26 :27-29). Urukundo dufitiye YAHSUA no kwicisha bugufi hagati ya benedata n'Abashikibacu birakorwa mu gihe co

kwozanya ibirenge, nk'uko Umukiza n'Umucunguzi wacu dukunda cane yabidutegetse twisunze Yohani 13:3-17.

9. Umusi Mukuru w'Imitsima Itambiwe

Duhejeje guhimbaza Pasika, twipfuzza kubaho Ubuzima bwo kwubaha YAHWEH, Ubuzima buzira Icaha mu kwitondera iyo misi ndwi ikurikira yo kurya imitsima itambiwe (Abalewi 23 : 6 ; Matayo 16 : 12 ; Mariko 8 : 14-15 ; Luka 12 : 1 ; Abaroma 6 : 13-22 ; 1Korinto 5 : 6-8). Umusi w'Intangamarara w'Imitsima itambiwe ugereranya gutera intambwe werekeza ku kugororoka no kuva mu vyaha, ushika itariki ya 15 ya ABIBU ni igihe tunezererwa kwitondera ; iyo Sabato itangurira iyo misi ndwi yo kurya imitsima itambiwe. Umusi ugira indwi canke umusi wa nyuma nawene ni isabato ushika itariki 21 za ABIBU, ukagereranya kuva burundu mu vy'isi bidutwara mu vyaha no mu bugarariji kugira dukurikire ukugororoka kw'Umucunguzi wacu YAHSUA HAMASHIACH (kuvayo 12 : 15-20 ; Guharura 28 : 17-25 ; Ivyakozwe 20 : 6-7). Turakuramwo tunezerewe mu mazu yacu ibintu vyose birimwo umwambiro mu kiringo c'imisi indwi kugira bitwibutse ko dutegerezwa kwiyeza kubw'inyigisho mbi zose zishobora kudutwara mu vyaha ; kubera ni kubw'Ibikorwa bigaragara twigirako ivy'Impwemu. Kubw'Umutsima utambiwe turya imisi indwi utwemerera kubw'ingereranyo , kurya umutsima utambiwe w'Ukwezwana n'Ukuri (1Korinto 5 : 7-8).

10. Pantekote

Uwo musu wa Pantekote (SHAVUOTH) canke Umusi mukuru w'Amayinga ni Isabato ; ni Isabato igira gatatu ya buri mwaka , kandi ni Ikoraniro ridasanzwe (Abalewi 23 : 15-21 ; Guharura 28 : 26) uharurwa kuva ku musu ukurikira Isabato ya buri ndwi ishika mu gihe c'Imisi mikuru yo kurya imitsima itambiwe. Uharura amasabato indwi , iyinga indwi ziramvuriye, bikadushikana ku musu ukurikira Isabato ya buri ndwi uzwi kw'Izina rya « DIMANCHE » canke « UMUSI WA MBERE W'IYINGA ». Uhimbazwa nku musu YAHWEH yagiranira ISezerano n'Inzu ya ISRAEL ku musozi Sinayi (Kuvayo 24 : 4-8). Kandi ni umusi YAHSUA yasezerana kurungikira Ikoraniro Ubushobozi mvajuru (Luka 24 : 49 ; Yohana 14 : 26 : Ivyakozwe 1 : 4-8) ; Ivyo vyarantse igihe mpwemu Yera wa YAHWEH yarungirwa hano kw'Isi ku Musu wa Pantekote (Ivyakozwe 2 : 1-18) kugira ngo abane n'Abizera ibihe vyose (Yohana 14 : 16). Pantekote canke Umusi w'Umushuzo werekeza ubwenge bwacu kwiyimburwa rya mbere ry'Imishaha ; ry'Abantu bazoba Umushuzo wa YAHWEH (Abaroma 8 : 23 ; 11 : 16 ; 16 : 5 ; 1Korinto 15 : 20-23 na 16 : 15 ; Yakobo 1 : 18 ; Ivyahishuriwe 14 : 4).

11. Umusi Mukuru w'Inzamba

Turindiriye n'igishika cinshi Ukugaruka kw'Umucunguzi wacu YAHSUA MASHIACH kuko igihe azozira kw'Ijwi ry'Inzamba y'Iherezo n'Akamo ku Mumarayika Mukuru, niho tuzoca duhabwa Impera (1Korinto 15:22-23, 51-53 ; 1Tesalonike 4:14-17 ; 1Petero 5:4 ; Ivyahishuriwe 2:23 ; 22:12). Umusi w'inzamba ni isabato igira kane ya buri mwaka, ni umusi wa mbere w'ukwezi kw'Indwi kandi ni Ikoraniro ryera (Abalewi 23 : 24-25). Utwibutse kugumiza

Impwemu zacu ku vyo mw'Ijuru kugira tuzonezererewe Ukugaruka kw'Umucunguzi wacu Igihe hazovuzwa Inzamba y'Iherezo (Luka 21 : 27-28). Kuvuza Inzamba bitwibutsa ko ico kimenyetso cahamagara ab'Inzu ya Israel kugira bagire amakoraniro, bitegurire kugenda canke kugira baje mu Ntambara (Guharura 10 : 1-10).

12. Umusi mukuru w'Impongano

Umusi w'Impongano werekeza ubwenge bwacu kuri YAHSUA yatanze impongano ku bwa twebwe.Tumaze kwiyuzuzwa ku bwa YAHSUA (Abaroma 5 : 6-11 ; 2Korinto 5 : 18-21 ; Ab'i Kolosayi 1 : 19-22 ; Abaheburayo 2 : 18), duca tuyagira abandi n'Umunezero Igikorwa ciwe gihambaye.Mugihe Umusi w'icenda w'ukwo kwezi kw'Indwi utangura ku mugoroba kandi Umusi mushasha ukaba utanguye (Abalewi 23 : 32) , duca duhagarika kurya no kunywa amasaha 24 gushika ku mugoroba w'Umusi w'icumi , werekana ko umurango urangiye (Abalewi 16 : 29-31 ; 23 : 27-32 ; Guharura 29 : 7).Ivyo bitwibutsa ku rugezo turiko nk'Abantu buntu kandi bambaye Umubiri kandi ku rugezo twari dukeneye Ikimazi c'Impongano kubwacu arico YAHSUA.

Turindiranye igishika ukurandurwa kwa Satani (Abaheburayo 2 : 14) kandi ko Isi yiyuzuzwa na YAHSUA na DATA ari mw'Ijuru (Ivyakozwe 27 : 9 ; Ivyahishuriwe 20 : 1-3).Umusi w'impongano ni ISABATO igira gatanu ya buri mwaka kandi itwinjiza muri YUBIRE.twisunze kahise ni umusi wera cane wo mu mwaka.

13. Umukuru w'Insago

Umusi mukuru w'Insago werekana Ubwami butunganye bw'Imyaka igihumbi bw'Umwami wacu YAHSUA, buzoshika vuba (Zekariya 14 : 16).Kizoba ari igihe c'Amahoro, c'Ubutunzi, n'Umunezero igihe YAHSUA azorongoza Amategeko ya YAHWEH.Kwiga ivyanditswe vyose (2timoteyo 3 :14-15) kandi kuza gusenga mu misi mikuru yiwe y'insago bigaragaza Ukwizera dufitiye YAHWEH mu bwigenge bwiwe kw'isi yose. Ni ikoraniro ryategetswe na YAHWEH kubera aho yashize Izina ryiwe, imisi mikuru y'Insago yubahirizwa mu kiringo c'Imisi ndwi guhera ku musi wa Cumi na Gatanu w'Ukwezi kw'Indwi (kuva ku wa15 TISHRI gushika ku wa 21).Umusi wa mbere ni Isabato ya Gatandatu ya buri mwaka (Abalewi 23 : 34-36 na 43 ; Guharura 29 : 12). Uruhererekane rw'Amasabato ya YUBIRE rwerekana Umugambi w'Agakiza wa YAHWEH mu gihe twinjiye mu « kiruhuko » ciwe.

14. Umusi Mukuru w'Umunani

Uyu ni umusi washinzwe, umusi mukuru ugira umunani ni isabato ya buri mwaka, (Abalewi 23 : 36 ; Guharura 29 : 35-39 no muri Nehemiya 8 : 18. Ugereranya igihe c'intebe yera y'Urubanza inyuma y'Ukuganza kwa yahshua kw'imyaka igihumbi,Matayo25 :32.Ikibi kimaze kurandurwa burundu mu kiyaga caka umuriro (Ivyahishuriwe 20 :10,14,15),Umusi w'Umunani usigura ibihe bidashira,igihe Abantu bo mw'isi batigeze bamenya kuva kikibaho.Ni igihe c'ijuru risha n'isi nsha ,igihe ibintu vyose bizohindurwa bisha, Yerusaremu nsha izomanuka ivuye mw'ijuru kwa Yahweh, kandi Yahweh ubwiwe azobana n'Abantu biwe,Yesaya 66 :22, Ivyahishuriwe 21 :1-5.Ubugingo budashira,

bugereranwa n'umusi mukuru w'umunani, buzohabwa abihanganye bagashitsa kw'iherezo (Ivyahishuriwe 2 :7), bitondera ivyagezwe vya Yahweh kandi bakizera Yahshua, Ivyahishuriwe 14 :12.

15. Imboneko z'Ukwezi

Amezi ya Bibiliya atandukanywa n'uguseruka kw'Ukwezi gusha ubwambere kukiboneka (2Abami 4 : 23 ; Nehemiya 10 : 33 ; Zaburi 81 : 3). Ivyanditswe vyera vyerekana ko imisi y'imboneko z'ukwezi itangura mu karere kanaka iyo Ukwezi gusha kubonetse kuba kwerekana Ukwezi kanaka. Umusi wa Bibiliya utangura kandi ugahera ku mugoroba (Abalewi 23 : 32 ; Abacamanza 14 : 12 ; Mariko 1 : 32). Imboneko z'Amezi zizubahirizwa no mu Bwami bwo mw'Ijuru (Yesaya 66 : 23).

16. Icaha

Icaha ni kurenga (guhonyanga) Itegeko rya YAHWEH (1Yohana 3 : 4) kandi iyo ata tegeko rihari, nta Caha kihaba (Abaroma 7 : 7-12). Bose bakoze ivyaha ntibabona Ubwiza bwa YAHWEH (kuvayo 20 : 1-20 ; Gusubira mu vyagezwe 5 : 1-24 ; Abaroma 3 : 23). Ingero y'Icaha ni Urupfu (Itanguriro 2 : 16-17 ; 3 : 19 ; Abaroma 6 : 23 ; 1Korinto 15 : 22 ; Abaheburayo 9 : 27). Urupfu ni Itiro, ni Ugusubira mu Mukungugu (Yohana 11 : 11-14 ; Umusiguzi 9 : 5-6, 10 ; Yesaya 38 : 18 ; Zaburi 115 : 17).

17. Ugucungurwa

Kubera ko bose bakoze Ivyaha hama bikabazanira Urupfu nicogituma bikenewe ko habaho kwihana ; ni ukuvuga tukitandukanya n'uburyo bwa Kera bwo kubaho duhonyanga amategeko yera ya YAHWEH kandi ubu tugahindurira mu nzira yo kwubaha ; tugakurikira akarorero ka YAHSUA HAMASHIACH (Matayo 19 : 17 ; Yohana 8 : 11 ; Abaheburayo 6 : 1 ; 9 : 14). Kugira tube Abidegemvya kubw'Itegeko ryaduhama ; ari rwo Rupfu , dutegerezwa kwemera Ikimazi ca YAHSUA HAMASHIACH nk'Ikiguzi c'Ivyaha vyacu (Matayo 26 : 26-28 ; Ab'i Kolosayi 3 : 13 ; Abaheburayo 9 : 26 ; 10 : 12 ; 1Petero 2 : 21-24 ; 1Yohana 1 : 7-10). Niwe atuvugira kwa YAHWEH akaba n'Umuhuza wacu na we (1Timoteyo 2 : 3-5).

18. Ukwezwa

Tumaze kwoga no kwizera YAHSUA, Turizera yuko ari ivyigicro kuba Uwera imbere mu mutima n'Inyuma. Umubiri wacu ni Ingoro ya Mpwemu Yera kandi twemera n'umunezero kwitondera Amabwirizwa adutegeka kurya inyama zidahumanye dusanga mu balewi 11 no mu Gusubira mu vyagezwe 14. Iki ni icigwa kidutumbereza mu kugororoka , kitwigisha itandukaniro riri hagati y'ibidahumanye n'ibihumanye, y'Ivyera n'ibitera (2Korinto 6 : 16-18). Turi ico twiyumvira kandi dutegerezwa guha Indero Umubiri wacu kugira dutandukanye ibirusha ubugingo bwacu ; Akarorero : Gusoma , Umwanya tumara imbere ya TEREVIZIYO , twumviriza IRADIYO , turi kumwe n'Abagenzi , n' Incuti. Dutegerezwa kurya ibidahumanye ; kwiyumvira ibintu vyera ; kubaho mu buryo bw'Uwera , kuba Uwera n'Uwugororotse imbere ya YAHWEH. Dutegerezwa kubera Akarorero keza abo mw'Isi (1Timoteyo 3 : 7) kandi dutegerezwa kuba

abejejwe imbere ya YAHWEH (Matayo 5 : 48 ; 1Korinto 3 : 17 ; 1Petero 1 : 15-16 ; Ivyahishuriwe 21 : 27).

19. Ugusiga Amavuta

Ikimazi cera ca YAHSUA catumye Umuntu ashobora gukira Indwara (Yesaya 53 : 5 ; Yakobo 5 : 13-20).Iyo Abakurambere b'Ikoraniro basize Amavuta uwugwaye mw'Izina rya YAHSUA n'irya YAHWEH, Ugukira Imibabaro yacu kurashoboka iyo duhindukiriye YAHWEH ubambere mu Gusenga ;no mu kumwisunga no gufashwa nawe.

20. Gutanga Ibigiracumi

Ni Umugisha iyo dushobora kwubahisha YAHWEH ivyo dufise (Imigani 3 : 9) kandi ni Igikorwa co Gusenga mu gushigikira igikorwa ca YAHWEH n'IBIGIRACUMI n'Amashikanwa (Abalewi 27 : 30-33 ; Malaki 3 : 8-12 ; Matayo 23 : 23 ; 1Korinto 9 : 1-25 ; 2Korinto 9 : 1-15). Ibigiracumi ni ukuvuga ICICUMI c'Ivyo tuba twaronse. YAHWEH mu bugwaneza bwiwe, yarategekanije Ibigiracumi ca Kabiri kugira turonke Uburyo bukwiye bwo gushobora guhimbaza n'umunezero Imisi Mikuru yiwe (Gusubira mu Vyagezwe 14 : 27-29 ; 26 : 12-17). Ni ivy'Umunezero cane gutanga haguhabwa, kandi rero dutanga n'umunezero kuko tuzi ko YAHWEH ari umugwaneza azitwararika ivyo dukeneye vyose.

21. Umugwanizi

Satani ni Ikiremwa c'Impwemu kandi yahoze ari Umumarayika yasizwe Amavuta yitwa LUCIFER.Yadugije ubwibone hanyuma aca yirukanwa mw'Ijuru (Yesaya 14 : 12-20 ; Ezekiyeli 28 :13-19 ; Luka 10 : 18 ; Ivyahishuriwe 12 : 7-9).Umugwanizi ni Umwansi wa YAHWEH n'Abantu biwe (Yohana 8 : 44 ; Ivyahishuriwe 12 : 10 kandi azorandurwa kw'Iherezo (Yesaya 14 : 18-19 ; Ezekiyeli 28 : 16 ; Abaroma 16 : 20 ; Abaheburayo 2 : 14).Satani agerageza kugwanya Ishingwa ry'Ubwami bwa YAHWEH (Matayo 4 : 1-11). Dufashijwe na YAHWEH turashobora kugwanya wa Mubi agategerezwa kuduhunga (Yakobo 4 : 7).

22. Ugupfa

Abapfuye ntaco baba bazi iyo bari mu mva kandi baba bari mw'Itiro ry'Urupfu mu kurindira Umuzuko (Yobu 14 : 12-14 ; Daniyeli 12 : 2 ; Yohana 5 : 29 ; 1Korinto 15 :51-56 ; 1Tesalonike 4 : 13-17 ; Abaheburayo 11 : 13,39).Ukudapfa ni ikintu turondera (Abaroma 2 : 7 ; 1Korinto 15 : 53-54) kandi kwarashizweho biciye ku Gikorwa ca YAHSUA HAMASHIACH (Yohana 3 : 15 ; Yohana 17 : 2-3 ; 2Timoteyo 1 : 10) . YAHWEH niwe wenyene afise ukudapfa (1Timoteyo 1 : 17 ; 6 : 16.Abantu ntamushaha udapfa bafise Zaburi 6 : 5 Zaburi 115 : 17, Yesaya 26 :19).Umushaha urashobora gupfa (Ezekiyeli 18 : 4 , 20 ; Matayo 10 : 28).

23. Umubiri w'Abizera

YAHSUA HAMASHIACH niwe ntango n'Ibuye ry'Imfuruka ry'Umubiri wiwe-EKLEZIYA. IKORANIRO ni Umubiri w'Abizera bitwa ,kuva ku musu wa Pantekote mu vyakozwe n'Intumwa 2 , Abizeye bemeye Ikimazi c'Umukiza wacu dukunda kandi bahinduye Uburyo babaho bisunga Ijambo rya Yahweh (Matayo 12 : 50

)Inyigisho n'Ukwitegurira Ubwami bugomba kuza bikorwa n'Uwo mubiri w'Abizera (1petero 2 : 5 . 9-10 ; Ivyahishuriwe 1 : 6 ; 20 :6).Muri Ekkleziya niho Ingabire za Mpwemu zikorera kugira zitunganye Abera mu ntumbero y'Igikorwa C'Ubutumwa bwiza kandi kugira zubake Umubiri wa MASHIACH (Efeso 4 : 7-13 ; 1Korinto 12 : 7-10;28-30).Ikoraniro ni Ahantu Ivyamwa vya Mpwemu Yera bigaragarira (Ab'i Galatiya 5 : 22-23) kandi Imigenderanire Abanywanyi b'Umubiri wa MASHIACH bagiranira bigereranya kugiranira imigenderanire na YAHSUA ubwiwe (Matayo 12 : 50 ; 25 : 40).

Twisunze Imigenzo yashinzwe n'Ikoraniro rya mbere ryatanguye mugihe ca Paulo, bashikibacu bo mw'Ikoraniro bategerezwa kwitwikira mu gihe co gusenga. Paulo asigura ico cigwa c'Iyo migenzo mu b'i Korinto ba mbere 11: 1-16. YAHWEH niwe Mutwe wa vyose, harimwo na YAHSUA. YAHSUA ubu ni Umuherezi Mukuru wacu kandi akaba yambaye mu buryo bw'Ingereranyo **mitere ku bw'ibango ryiwe; (mitere canke mitre ni inkofero Abaherezi bambara mu gihe baba bari mw'ikoraniro.ibi vyongeweko n'umuhinduzi)** (Abalewi 21: 10). Hano kw'Isi, Umugabo ni Ubwiza bwa YAHWEH kandi ntiyitwikira mu mutwe imbere yiwe. Ku rundi ruhande Umugore ni Ubwiza bw'Umugabo kandi ategerezwa kwitwikira. Abamarayika isinzi bama bihweza ibikorwa vy'Umuntu akora (1Korinto 4: 9).Umugabo ategerezwa kuba umutwe w'Urugo kandi ategerezwa gukunda Umugore wiwe nk'uko YAHSUA akunda Ikoraniro (Efeso 5 : 23-25).

24. Urukundo

Dutegerezwa kwerekana akarorero keza k'Ukwizera kuzima twigisha.Akarorero kacu ni YAHSUA HAMASHIACH niwe twihatira kwigana mu gukundana , mu kuvuga ukuri , mu kwicisha bugufi , mu kwizera , mu kwizigira , mu kwihangana , no mu kwubaha cane (Abalewi 19 : 17-18 ; matayo 5 : 6 na 7 ; 22 : 39 ; 1Korinto 6 : 1-11 ; 1petero 2 : 21-23).Urukundo ni Urufunguruzo ngirakamaro dutegerezwa kwihatira kugira mu ngo zacu , mu makoraniro yacu , aho tubaye. Urukundo gwitaho abandi ntigwikunda. Urukundo rutegerezwa kugaragara muri Benedata n'Abashikiwacu aho bari hose kuko ni ikimenyetso c'Ukuri mu bantu ba YAHWEH.Twizera yuko Agakiza katanzwe ku Buntu ku Bantu bose. YAHWEH ni we Muremyi w'Amahanga yose kandi inzu yiwe yayigize inzu yo gusengeramwo ku Bantu bose (Yesaya 56 : 7 ; Ivyakozwe 8 : 27-39 ; Ab' i Galatiya 3 : 28 ; Ab' i Kolosayi 3 : 11).Urukundo rwa YAHWEH gwagaragariye mu kimazi c'Umwana wiwe YAHSUA HAMASHIACH ruriho no kubazoba bose (Ivyakozwe 3 : 20 ; 22 : 7). Mu kumwerekana ko tumukunda twitondera Amabwirizwa yiwe yose (1Yohana 2 : 5 ; 5 : 3 ; 2Yohana 1 : 6).

Ibisabwa kugira ube Umunywanyi

Kwihana, kubatizwa mw'Izina rya YAHSUA no kugira Ingabire za Mpwemu Yera; Izo nizo Ntambuko Umuntu asabwa kugira ngo abe Umunywanyi w'Umubiri wa MASHIACH (Ivyakozwe 2: 38).Bose bategerezwa kugira Ubugingo bukura mu Bumenyi no mu buntu muri YAHSUA, Umwe wese agakorera Agakiza kiwe atinya kandi atetemeka kandi yubaha Itegeko ritunganye ryerekana Uguhinduka kuzima kwitezwe kuri bese (Ab' i Filipi 2:12; Efeso 4: 13).Umunywanyi wese

ategerezwa kumenya ibi nk'Incamake y'Ivyizerwa nshimikiro bitangazwa n'Ivyanditswe Vyera.

[Kugendera mu makanda ya YAHSUA HAMASHIACH hashobora kujamwo akaranga kagaragara ku mubiri ko gutereka Ubwanwa. Naho ivyo atari Itegeko, imirongo myinshi ya Bibiliya irerekana ko Ubwanwa bwari mu biboneka vyaranga Umubiri w'Umukiza wacu (Yesaya 50: 6).kandi Imirongo myinshi irerekana ko Abisirayeli bategerezwa gutereka Ubwanwa (Abalewi 14 : 9 ; 13 : 29-30), mugabo atari Ubwanwa bushinze (buhagaze) (Abalewi 19 : 27). Gutereka Ubwanwa ni Ugushaka kw'Umuntu].

Ikoraniro rya Yahweh muri Yahsua ryama ritangaza mu dutabo dutoduto ivyigwa vyinshi hano. Nimurabe mu gice c'inyigisho.

© 2007, 2022 Yahweh's Assembly in Yahshua
2963 County Road 233, Kingdom City, Missouri 65262
View us online at : www.YAIY.org
Call Toll Free: (877) 642-4101
Main Line: (573) 642-4100